# RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

| | |
|---|---|
| IDENTITAS | Sekolah : SMP Negeri 3 Tirto<br>Mata Pelajaran : Bahasa Jawa<br>Kelas/Semester : VIII/2<br>Materi : Crita Ramayana “Peksi Jatayu”<br>Alokasi Waktu : 1 x pertemuan (2 JP) |
| KOMPETENSI DASAR | 3.1 Memahami isi teks cerita Ramayana (*Peksi Jatayu)*<br>4.1 Menanggapi isi teks cerita Ramayana (*Peksi Jatayu)* |
| TUJUAN PEMBELAJARAN | Setelah pembelajaran melalui diskusi, peserta didik dapat :<br>1. Mengungkapkan isi cerita wayang Ramayana lakon *Peksi Jatayu*<br>2. Mengartikan kata-kata yang dianggap sulit dalam bacaan cerita wayang Ramayana lakon *Peksi Jatayu*<br>3. Menjawab pertanyaan bacaan cerita wayang Ramayana lakon *Peksi Jatayu*<br>4. Menulis isi cerita wayang Ramayana lakon *Peksi Jatayu* |
| KEGIATAN PEMBELAJARAN | ➢ Pendahuluan :<br>1. Siswa berdoa sebelum belajar, dilanjutkan dengan menyanyikan lagu Indonesia Raya<br>2. Memeriksa kehadiran dan kesiapan peserta didik<br>3. Guru melakukan apersepsi dengan cara mengenalkan tokoh - tokoh wayang yang ada dalam teks wayang Ramayana<br>4. Guru menyampaikan tujuan pembelajaran<br><br>➢ Kegiatan Inti :<br>1. Peserta didik membaca cerita wayang Ramayana lakon Peksi Jathayu<br>2. Peserta didik bertanya jawab tentang kata-kata yang dianggap sulit yang terdapat dalam teks<br>3. Peserta didik bertanya jawab tentang isi teks cerita wayang Ramayana lakon Peksi Jatayu<br>4. Peserta didik berdiskusi membahas isi teks cerita wayang Ramayana lakon Peksi Jathayu<br><br>➢ Penutup :<br>1. Peserta didik menyimpulkan materi pembelajaran<br>2. Guru menjelaskan rencana kegiatan pembelajaran untuk pertemuan berikutnya.<br>3. Guru menutup pelajaran dengan doa |
| PENILAIAN PEMBELAJARAN | 1. Pengetahuan :<br>a. Teknik Penilaian : Tes Tulis<br>b. Bentuk Instrumen : Tes Pilihan Ganda dan Uraian<br>2. Ketrampilan :<br>a. Teknik Penilaian : Tes Praktik<br>b. Bentuk Instrumen : Tes Unjuk Kerja dan Produk<br>3. Sikap :<br>a. Teknik Penilaian : Pengamatan<br>b. Bentuk Instrumen : Lembar Observasi |

Tirto, 3 Januari 2022

Mengetahui,
Kepala Sekolah SMPN 3 Tirto — Guru Mata Pelajaran

Sunardi, S.Pd., M.Pd.
NIP. 19661210 199103 1 011

Sigit Budoyo, S.Pd.
NIP. 19800111 2010101 1 018

**RUBRIK PENILAIAN**

I. **Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi mènèhi tandha ping (X) ing aksara A, B, C, utawa D kang koanggep paling bener!**

1. Rajaning peksi menika naminipun Jatayu. Tembung peksi tegesipun ….
   A. kéwan C. garudha
   B. manuk D. peri
2. Éman, Jatayu kalindhih, dipuntatoni saha dipunajar déning Rahwana. Kalindhih tegesipun ….
   A. menang C. kalah
   B. unggul D. mati
3. Tegesé tembung kang ora trep yaiku ….
   A. mitra = mungsuh C. gegana = angkasa
   B. kadhusta = diculik D. nguwalaken = ngeculaké
4. Jatayu iku bisa mabur amarga Jatayu iku bangsané .....
   A. kéwan C. kupu
   B. manuk D. kinjeng
5. Kang ora kalebu paraga/tokoh ing crita Peksi Jatayu yaiku ….
   A. Peksi Jatayu C. Anoman
   B. Rama Wijaya D. Rahwana
6. Sesambungané Jatayu karo Prabu Dasarata yaiku .....
   A. kanca C. sedulur
   B. bésan D. mungsuh
7. Anggoné nggawa Sinta menyang Alengka, Rahwana numpak .....
   A. manuk garudha C. montor mabur
   B. kréta kencana D. panah Candrasa
8. Kang mbudi daya mitulungi Dèwi Sinta nalika dicolong Rahwana yaiku ….
   A. Jatayu C. Anoman
   B. Sempati D. Lesmana
9. Rahwana nyolong Dèwi Sinta amarga ….
   A. arep dipatèni amarga wis gawé gela
   B. arep dipamèri bandha donya ing kraton Alengka
   C. arep disiksa amarga ora gelem digarwa
   D. kasmaran dhateng Sinta ingkang satuhu merak ati
10. Sinta dicolong Rahwana digawa menyang nagara .....
   A. Ngamarta C. Alengka
   B. Ayodya D. Kiskenda
11. Nalika Dèwi Sinta kadhusta déning Rahwana, Rama Wijaya lagi ….
   A. ing Negara Ayodya C. mburu kidang kencana
   B. perang nglawan bala raseksa D. mburu kéwan galak ing tengah alas.
12. Sing paring pangarih-arih marang Rama Wijaya yaiku ….
   A. Dasarata C. Dèwi Sinta
   B. Jatayu D. Lesmana
13. Sing ngabari menawa Sinta digawa menyang Alengka yaiku .....
   A. Rahwana C. Lesmana
   B. Jatayu D. Dasarata
14. Redi-redi mèndel mbisu sisah. Angin mboten lumampah. Angkasa timbreng nglemeng nggameng kesaput mega mendhung. Srengéngé surem, sorotipun kucem. Sedaya isinipun jagad, tumut nandhang sungkawa amargi ....
   A. sumerep kawontenan saha polahipun menapa déné mireng tangis tuwin pasambatipun Sinta.
   B. sumerep Jatayu ingkang kalindih ing perang tandhing lumawan Rahwana.
   C. sumerep Rama lan Lesmana kécalan Dèwi Sinta.
   D. mangertosi Rahwana muntab dhumateng Dèwi Sinta.

15. Watak angkarané Rahwana kang dituduhaké ing crita kasebut yaiku .....
    A. pamèr bandha
    B. udreg-udregan
    C. nyolong Sinta
    D. natoni Jatayu
16. Wataké Jatayu yaiku ….
    A. dhemen tetulung
    B. kalah perang
    C. seneng memungsuhan
    D. seneng pamèr kasektèn.
17. Wataké Dèwi Sinta yaiku ….
    A. manut baé digawa karo Rahwana
    B. seneng dipamèri bandha lan mas inten
    C. tetep tresna lan setya marang garwa
    D. luwih seneng ing Negara Alengka
18. Piwulang ingkang saged kapethik saking criyos Peksi Jatayu inggih menika ….
    A. tiyang èstri kedah tansah setya marang garwanipun.
    B. kita kedah nedahaken kasugihanipun.
    C. kita kedah saged meksa dhateng tiyang èstri.
    D. kita saged muntab/nesu menawi pepénginanipun boten katurutan
19. Bab kang kena diconto saka crita Peksi Jatayu yaiku ….
    A. kalindhih ing paprangan
    B. paring tetulung marang wong kang nandhang kasangsaran
    C. peksi kang sekti mandraguna
    D. Jatayu paring pawarta marang Rama Wijaya
20. Pratèlan kang ora trep karo isiné crita Peksi Jatayu yaiku ….
    A. Rahwana nyidra Dèwi Sinta digawa menyang Ayodya.
    B. Peksi Jatayu mbudidaya mitulungi Dèwi Sinta
    C. Rahwana mamèraké kasugihan lan kaéndahané Praja Alengka
    D. Dèwi Sinta tetep setya lan tresna marang garwané.

**II. Wangsulana kanthi cekak aos!**

21. Aranana 4 paraga kang ana ing crita Peksi Jatayu!
22. Aranana 2 piwulang kang bisa kapethik saka crita Peksi Jatayu!
23. Aranana 2 wataké Rahwana!
24. Tulisen pokok-pokok isiné crita Peksi Jatayu
25. Kepriyé tanggapanmu bab pratelan ing ngisor iki!
    "Kanggo nggayuh pepènginan menika menawi perlu mawi nyolong utawi mendhet gadhahanipun tiyang sanès."